

KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



Pou : Komite Skolè Boston
Kopi pou : Sipèntandan Brenda Cassellius
Sot nan men : Jeri Robinson, Prezidan
Osijè : Divès Nominasyon pou Gwoup Travay Elèv k ap Aprann Lang Angle a :
Rafaela Polanco Garcia, ko-Prezidan ; Roxy Harvey, manm
Dat la : 2 fevriye, 2022

Aswè a, sa ban m plezi pou m fòmèlman nonmen de (2) moun k ap pral fè pati Gwoup Travay Elèv k ap Aprann Angle (ELL) Komite Skolè Boston an. Premyèman, mwen lonmen manm Komite, Rafaela Polanco Garcia, pou l sèvi kòm ko-Prezidan Gwoup Travay la, akote Suzanne Lee, ki se yon ko-Prezidan de vyèy dat. Madam Polanco Garcia ap ranpli wòl lidèchip la ke Ernani DeAraujo t ap ranpli, kote ke l t ap travay anba yon manda Komite Skolè ki te ekspire an janvyè. Mwen lonmen tou, Roxi Harvey, Prezidan Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal la (SpEdPAC), kòm yon manm Gwoup Travay ELL la (Elèv k ap Aprann Angle).

Madam Polanco Garcia se yon paran elèv Lekòl Piblik Boston e yon imigran ki gen eksperyans nan dwa ak defans afè bileng. Aktivite aktivis li an defans kominote latinx la nan domèn edikasyon enkli travay li te fè nan kanpay « Non a kesyon nimewo 2 a » ("No on 2 campaign") an 2016, pou ede adopte yon rezolisyon lekòl sangtyè (lekòl refij), e adopte Lwa an Favè Divès Opòtinite pou Elèv la ("Student Opportunity Act"). Depi 2015, l ap sèvi kòm Direktris Patisipasyon ak Oganizasyon Paran nan Pwogram "St Stephen's Youth" pou lanjenès, nan katye South End Boston.

Madam Harvey se yon paran elèv Lekòl Piblik Boston k ap sèvi kòm prezidan SpEdPAC depi 2019, ki reprezante plis pase 10.000 elèv Lekòl Piblik Boston ki gen andikap. Li gen plis pase en an depi l ap patisipe nan reyinyon Gwoup Travay ELL la kòm yon manm gran piblik la, l ap pote avèk li yon kokenn chenn konesans sou afè edikasyon espesyal.

Komite Skolè Boston an te etabli Gwoup Travay ELL la an 2009, e li sèvi kòm yon gwoup kontwòl (yon gwoup k ap fè siveyans) ak yon patnè refleksyon ki ede Lekòl Piblik Boston pran swen divès bezwen distri nou an, k ap vin pi miltikiltirèl e miltileng de jou an jou. Prèske youn sou de elèv pale yon lòt lang lakay li ki pa lang angle, e elèv yo sot nan 139 peyi diferan.

Avèk eksperyans pèsònèl e pwofesyonèl yo genyen, Madam Polanco Garcia ak Madam Harvey ap ajoute anpil valè nan Gwoup Travay ELL la. Mwen espere pale sou nominasyon sa yo aswè a, e mande Komite a pou l pran kèk mezi sou kesyon sa a nan pwochèn reyinyon n ap genyen an.